**दिन–रविवार** **दिनांक–17.03.2024**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

बिहार लोक सेवा आयोग पंद्रह मार्च कऽ आयोजित अध्यापक भर्ती परीक्षाक पहिल पारीक कथित तौर पर प्रश्न प्रत्र लीक मामिला मे परीक्षा रद्द करबा के लऽकऽ कोनो निर्णय नहि कयलक अछि। आयोग आइ कहलक जे मामिलाक जाँच चल रहल अछि। एहि संबंध मे एखन धरि कोनो मानक साक्ष्य उपलब्ध नहि अछि। आर्थिक अपराध इकाई आ साईबर सेल पुरा मामिलाक जाँच कऽ रहल अछि। आयोग आर्थिक अपराध इकाई सँ परीक्षा प्रारंभ होयबाक पूर्व प्रश्न प्रत्र आ उत्तर लीक होयबा संबंधी ठोस प्रमाणक मांग कयलक अछि। आयोग कहलक जे ठोस प्रमाण आओर वांछित सूचना प्राप्त होयबाक बाद अध्यापक भर्ती परीक्षाक तेसर चरणक परीक्षाक संबंध मे कोनो निर्णय लेल जायत।

---

शिक्षक नियुक्ति परीक्षाक प्रश्न प्रत्र लीक मामिला मे नेता प्रतिपक्ष तेजस्वी यादव एनडीए सरकार पर परीक्षा माफिया के बचेबाक आरोप लगौलनि अछि। ओतहि, उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी तेजस्वी यादव के बयान के खारिज करैत कहलनि जे हुनका ई नहि बिसरबाक चाही जे लालू यादव के शासन काल मे बिहार लोक सेवा आयोग मे कतेक भ्रष्टाचार छल।

---

लोकसभा चुनावक तारीखक घोषणाक बाद राजनीतिक हलचल बढ़ि गेल अछि। घोषित कार्यक्रमक अनुसार पहिले चरण मे औरंगाबाद, गया, नवादा आ जमुई संसदीय सीटक लेल उन्नैस अप्रील कऽ मतदान होयत। दोसर चरण मे छब्बीस अप्रील कऽ किशनगंज, कटिहार, पूर्णिया, भागलपुर आओर बांका संसदीय क्षेत्र मे चुनाव कराओल जायत। तेसर चरण मे झंझारपुर, सुपौल, अररिया, मधेपुरा आ खगड़िया संसदीय क्षेत्र मे सात मई कऽ मतदान होयत। चारिम चरण मे दरभंगा, उजियारपुर, समस्तीपुर, बेगूसराय आ मुंगेर सीटक लेल तेरह मई कऽ मतदान होयत। पांचम चरण मे सीतामढ़ी, मधुबनी, मुजफ्फरपुर, सारण आ हाजीपुर संसदीय सीटक लेल बीस मई कऽ भोट खसाओल जायत। छठम चरण मे वाल्मीकिनगर, पश्चिम चंपारण, पूर्वी चंपारण, शिवहर, वैशाली, गोपालगंज, सीवान आ महाराजगंज मे पच्चीस मई कऽ मतदान होयत, जखनकि सातम आ अंतिम चरण मे एक जून कऽ नालंदा, पटना

साहिब, पाटलीपुत्र, आरा, बक्सर, सासाराम, काराकाठ आ जहानाबाद मे मतदान कराओल जायत।

———————————————————————————

एम्हर, राज्यक मुख्य निर्वाचन पदाधिकारी एच.आर. श्रीनिवास लोकसभा चुनाव कार्यक्रमक घोषणाक बाद राष्ट्रीय आ मान्यता प्राप्त दलक संग बैसक कयलनि। विभिन्न दलक प्रतिनिधि सभ अपन–अपन सुझाव देलनि। राष्ट्रीय जनता दल मतगणनाक दरमियान डाक मत पत्रक गिनती पहिने करेबाक अनुरोध कयलनि अछि।

———————————————————————————

पहिल चरणक लेल अधिसूचना बीस मार्च कऽ जारी होयत। नामांकन भरबाक अंतिम तिथि अट्ठाईस मार्च होयत। दू अप्रील धरि नाम वापस लेल जा सकैत अछि।

दोसर चरणक लेल अधिसूचना अट्ठाईस मार्च कऽ जारी होयत। नामांकन भरबाक अंतिम तिथि चारि अप्रील होयत। आठ अप्रील धरि नाम वापस लेल जा सकैत अछि ।

तेसर चरणक लेल अधिसूचना बारह अप्रील कऽ जारी होयत। नामांकन भरबाक अंतिम तिथि उन्नैस अप्रील होयत। बाईस अप्रील धरि नाम वापस लेल जा सकैत अछि।

चारिम चरणक लेल अधिसूचना अठारह अप्रील कऽ जारी होयत। नामांकन भरबाक अंतिम तिथि पच्चीस अप्रील होयत। उनतीस अप्रील धरि नाम वापस लेल जा सकैत अछि।

पांचम चरण चुनावक लेल अधिसूचना छब्बीस अप्रील कऽ जारी होयत। नामांकन भरबाक अंतिम तिथि तीन मई होयत। छओ मई धरि नाम वापस लेल जा सकैत अछि।

छठम चरणक लेल अधिसूचना उनतीस अप्रील कऽ जारी होयत। नामांकन भरबाक अंतिम तिथि छओ मई होयत। नओ मई धरि नाम वापस लेल जा सकैत अछि।

सातम आ अंतिम चरण चुनावक लेल अधिसूचना सात मई कऽ जारी होयत। नामांकन भरबाक अंतिम तिथि चौदह मई होयत। सत्रह मई धरि नाम वापस लेल जा सकैत अछि।

———————————————————————————

निर्वाचन आयोग लोकसभा चुनावक घोषणाक बाद आदर्श आचार संहिताक प्रभावी कार्यान्वयनक लेल दिशा–निर्देश जारी कयलक अछि। निर्वाचन आयोग सभ राज्यक मुख्य सचिव आ मुख्य निर्वाचन अधिकारी सभ के पत्र लिखि कऽ जनौलनि जे वॉल पेंटिंग, पोस्टर, पर्चा आ एहि प्रकारक सभ सामग्री के चौबीस घंटाक भीतर हटा लेल जाए।

———————————————————————————

एम्हर, राज्य मे सभ जिला प्रशासन आदर्श आचार संहिताक अनुपालन मे जुटि गेल अछि। आचार संहिताक अनुपालन के लेल धारा एक सय चौवालीस आ एक सय चौवालीस –ए लागू कऽ देल गेल अछि। जिला सभ सँ हमर संवाददाता संवाद देलनि अछि जे विभिन्न राजनीतिक स्थान सभ पर लगाओल गेल बैनर, होर्डिंग आ पोस्टर के हटेबाक काज कयल जा रहल अछि।

———————————————————————————

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ विविध भारती पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।